
Reyinyon Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an

3 avril 2023

1. RSMPOC

Akèy ak Oryantasyon


Anrejistrem an Reyinyon

Sou demann manm kominote an, yo pral filme epi afiche evènman sa a sou sit entènèt Plan Estratejik Jeneral Roxbury an nan [**bit.ly/theRSMPOC**](https://bit.ly/theRSMPOC) pou moun ki pa kapab patisipe nan evènman an an dirèk sou Zoom.

Epi tou, li posib pou gen patisipan ki ap filme reyinyon an ak kamera telefòn yo oswa lòt aparèy. Si ou pa swete yo filme w pandan reyinyon an, tanpri dezaktive mikwo w ak kamera w.

Si kamera oswa mikwo w dezaktive, ou kapab toujou patisipe atravè fonksyonnalite tchat tèks la.

Entèpretasyon ak Tradiksyon




"Spanish" -pou Panyòl
"Haitian Creole" -pou Kreyòl Ayisyen
"English" – for Anglè
"Cape Verdean Creole" - Kreyòl Kapvè

The screenshot shows a video player interface with a green arrow pointing to the 'View Options' dropdown menu. The menu is open and displays several options: 'Request Remote Control', 'Annotate', 'Shared Screens', 'Brad Whitlock', and '✓ Zak Peirce'. The '✓ Zak Peirce' option is highlighted with a checkmark.

Konsèy pou aplikasyon Zoom la

Byenveni ! Men kèk konsèy sou kijan pou itilize Zoom pou moun ki fenk ap itilize l yo.


Kontwòl ou yo afiche nan pati anba ekran an



Itilize fonksyonalite tchat la pou ekri yon kòmantè oswa poze yon kesyon nenpòt lè w vle fè sa –
Manm RSMPOC/ BPDA yo pral anime tchat la



Pou w kapab leve men w, kliké sou "Participants" (Patisipan) ki nan pati anba ekran w lan, epi apre sa chwazi opsyon "Raise hand" (Leve Men) nan espas patisipan an, oswa peze *9 sou telefòn ou



Mete sou silans/Retire sou silans – Opsyon sa ap mete patisipan yo sou silans pandan prezantasyon an – animatè an pral retire w sou silans pandan konvèsasyon an si ou leve men w epi si

se tou pa w pou w pale. Pou w kapab mete oswa retire sou silans, peze *6 sou telefòn ou an.



Aktive/Dezaktive opsyon video ou an

Règleman Zoom Yo

Nou vle asire nou konvèsasyon sa reprezante yon eksperyans lajwa pou tout patisipan yo.

- Tanpri toujou rete sou silans toutotan yo pa site non w. Si ou ta renmen pale pandan moman sa a, tanpri itilize fonksyon "Raise Hand" (Leve Men) an nan Zoom pou yon animatè BPDA kapab retire patisipan yo sou silans.
- Tanpri toujou respekte tan youn lòt.
- Nou mande pou patisipan yo limite kantite kesyon yo pou lòt patisipan kapab patisipe nan diskisyon an. Si ou gen plis kesyon, tanpri rete tann jiskaske tout lòt moun k ap patisipe yo gen opòtinite pou poze kesyon.
- Si nou pa kapab reponn kesyon ou an nan reyinyon an, tanpri mete yo nan espas Tchat la lè tout bagay fini oswa voye yo nan imèl yarisamar.cortez@boston.gov

Ajannda

- 1. Byenvini nan RSMPOC**
- 2. Sheila Dillon, Direktris Lojman pou Vil Boston**

Apèsi ak Mizajou sou RSMPOC

Premye lendi nan mwa a

9 janvye 2023	10 jiyè 2023
6 fevriye 2023	**Pa gen reyinyon nan mwa out la**
6 mas 2023	12 septanm 2023
3 avril 2023	2 oktòb 2023
1 mas 2023	6 novanm 2023
5 jen 2023	**Pa gen reyinyon nan mwa desanm lan**

Responsabilite RSMPOC yo

- Yo te kreye Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an (Roxbury Strategic Master Plan Oversight Committee, RSMPOC) nan lane 2004 epi se rezulta Plan Estratejik Jeneral Roxbury an (Roxbury Strategic Master Plan, RSMP).
- RSMPOC an se yon reprezantan global katye Roxbury an epi li li genyen ladan li moun Majistra a nonmen, moun eli yo chwazi, asosyasyon katye, ak òganizasyon kominotè.
- RSMPOC an sipèvize aplikasyon Plan Estratejik Jeneral Roxbury an ak PLAN: Nubian Square.

Vin yon manm. Patisipe. Aji.

- **Vin yon manm:** Vin yon manm nan Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an, ak/oswa yon Komite Verifikasyon Pwojè (Project Review Committee, PRC).
- **Patisipe:** Ale patisipe nan reyinyon piblik. Poze kesyon. Envite vwazen yo, gwoup ak òganizasyon sivik Roxbury yo, biznis yo, pwopriyetè ann zòn lan oswa lòt reprezantan nan kominote an nan reyinyon piblik yo.
- **Aji:** Verifye epi kòmante sou pwojè yo, devlòpman yo ak inisyativ planifikasyon an.


Pou jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon ki gen pou fèt yo, pwojè devlòpman yo epi sou kijan pou patisipe, ale sou bit.ly/theRSMPOC

Objektif Plan Jeneral Orijinal

- Asire **yon lavi sivik ak kiltirèl** nan katye a
- Fè pwomosyon **devlòpman divès ak dirab** gras ak travay pou rezidan lokal yo
- Asire yon **transpò publik ak prive ki sekiritè epi pratik.**
- Agrandi epi amelyore **lojman pou yon varyete** gwoup sosyo-ekonomik ak gwoup laj
- Kreye yon **espas publik ki konfòtab, vivan epi sekiritè** ki demonstre divèsite rezidan lokal yo.
- Amelyore **patisipasyon** ak **otonomi nan kominote an** atravè responsabilite gouvènman an, enstitisyon yo ak biznis yo ki ap pi plis



An Chonje
Mel King



Reyinyon Komite Piblik pou Sipèvize Plan Estratejik Prensipal Roxbury

Sheila Dillon, Direktris Lojman pou Vil Boston



Divizyon Lojman nan Biwo Majistra a

Sant Akèy Boston

ede rezidan yo
achte, amelyore
epi konsève kay
yo

Biwo pou Estabilite Lojman

ede rezidan yo
juenn epi kenbe
lojman sekirize,
estab, epi ki
abòdab

Devlopman Lojman nan Katyè

konstwi, prezève,
epi posede lojman
revni
limite epi ki
abòdab

Sipò pou Lojman

travay pou fini ak
kesyon sanzabri a
nan Vil Boston

GrowBoston

soutni jadinye,
fèmye ak plis
toujou, pou
ogmante
pwodiksyon
alimantè lokal

Jesyon ak Lavant Byen Imobilye

Jere epi sede byen
imobilye nan
Boston, yo sezi pou
rezon fiskal

Politik Devlopman ak Rechèch

Rechèch ak analize
done konsènan bezwen
lojman nan Boston pou
elabore politik epi
rezoud inegalite

Fon Fidisyè pou Lojman Katye

Sipò Manm Pèsonèl pou CPA (Community Preservation Act)



Done Demografik Anplwaye Biwo Lojman Majistra a


- MOH estime li esansyèl pou done demografik anplwaye yo reflete vil yo ap sèvi a
- MOH te mete yon seri mezi sou pye epi li te idantifye objektif pou depatman an nan kad Efò pou Egalite Ras nou yo pou ogmante divèsite ak entegrasyon. **Men kèk nan objektif sa yo:**

Pwosesis rekritman MOH met aksan byen klè sou ekite yon fason pou anboche yon mendèv ki divèsiye, san wete nan pòs dirijan yo.


MOH se yon òganizasyon kote manm pèsonèl yo kapab grandi nan domèn pwofesyonèl. Chemen pwomosyon yo klè, yo ekitab, epi yo jwenn sipò grasa yon seri opòtinite ak konsèy pou devlopman pwofesyonèl.

MOH se yon òganizasyon kote tout idantite ak tout kwazman idantite gen plas yo, epi kote manm pèsonèl la santi yo kapab afiche vrè yo menm nan travay la. Tout anplwaye yo gen responsabilite pou kreye yon anviwònman entegrasyon.

Gender



Ethnicity



Objektif Odit Fonsye nan Tout Vil la



Kreye yon **baz done konplè** pou byen Vil la posede yo



Kreye yon **zouti vizyalizasyon** pou yo itilize pou odit fonsye tout vil la epi pou pwojè depatmantal alavnvi yo




Idantifye pwopriyete ki kapab kontribiye nan rezulta ki vin apre yo:

1. Kreye **lojman ki abòdab**
2. Bay espas pou **sèvis retablisman ak lojman tranzisyon**
3. Transfòmasyon grasa yon seri **opòtinite devlopman kominotè** eksepsyonèl



<https://www.boston.gov/housing/citywide-land-audit>


Rezime Rezulta Odit Fonsye a



2,976 mòso tè vil la posede yo idantifye pou yon total ~177.3 MSF



1,238 mòso tè oswa ~9.5 MSF (5.4%) tèren yo idantifye kòm vid oswa ki pa fin byen itilize



Pwosesis Dispozisyon Tèren MOH

Dispozisyon Tèren MOH RFP:

1. Identife anplasman.
2. Evalye posibilité developman an.
3. Reyini ak kominote a ansanm ak entèvenan yo pou detèmine/defini liy direktif Demann Pwopozisyon yo (RFP).
4. Pibliye RFP yo san wete kòmantè kominote a.
5. Anonse RFP yo epi sensibilize developman kominote a.
6. Organize yon konferans/opòtinite rezo anvan kandidati.
7. Egzamine pwopozisyon nou resevwa yo anvan dat limit RFP yo.
8. Reyini ak kominote a epi prezante pwopozisyon ki respekte Kritè Kalifikasyon yo Ominimòm.
9. Komite Egzamen Evalyasyon RFP yo ap fè rekòmandasyon bay Komite Egzamen Pwojè MOH la (PRC) ansanm ak Komisyon Etablisman Piblik yo (PFC).

Pwosesis Acha MOH:

• **M.G.L. c. 30B (Chapit 30B)** etabli yon pwosesis demann pou pwopozisyon COB dwe suiv pou li rive genyen epi sede yon seri byen imobilye grasa acha, lavant oswa lokasyon nan yon pri ki plis pase \$35,000.

• **Sou baz Chapit 30B a**, nou gen obligasyon pou tabli yon **pwosesis konkirans ouvè epi ki ekitab** pou mete tout moun ki ap fè pwopozisyon yo sou menm pye egalite, pou mande enfòmasyon ki pèmèt nou **konpare òf yo avèk sans epi yon fason nou kapab jere**, ki baze desizyon yo sèlman sou enfòmasyon nou mande yo.

Byenvini nan Boston

Vil Boston lanse yon nouveau inisyativ pou ede rezidan Boston ki gen revni fèb oswa modere yo vin pwopriyetè kay

- Biwo Majistra a pou kesyon Lojman an te idantifye anviwon 150 mòso tè Vil la posede ki kalifye pou devlopman pwogram pwopriyetè kay la.

Majistra Wu te debloke **\$58 milyon dola nan Fon Federal ARPA tan limite** a pou soutni Inisyativ la

- Èd pou moun ki ap achte kay premye fwa



Kalandriye - Byenvini nan Boston

- **2022 rive Kòmansman 2023:** Angajman kominote Distri 4 la konsènan 70 mòso tè yo.
- **Kòmansman Prentan 2023:** MOH prevwa lanse Demann Pwopozisyon pou anplasman ki nan Distri 4 yo.
- **Rive mitan 2024:** Nou ap kontinye pibliye RFP yo nan lo
- **31 Desanm 2024:** Nou ap angaje tout fon ARPA yo nan ekip developman yo
- **31 Desanm 2026:** Tout fon ARPA ki angaje yo fin depanse

Ogmante Opòtinite

- **Ogmante opòtinite ekonomik pou pwomotè BIPOC ap dirije yo:** Epitou, pandan tout pwoesis angajman an, nou te remake gen yon gwo enterè pou fè opòtinite devlopman sa yo vin plis aksesib pou pwomotè lokal ki pa blan yo
 - **Etap pou atenn objektif sa a:**
 - ✓ Sible pwomotè BIPOC ap dirije yo yon fason pou sansibilize yo pou pwogram Byenvini nan Boston an epi pou yo aprann plis sou sa MOH kapab fè pou rann posibilité yo plis aksesib
 - ✓ Nou ap elaji pwoesis RFP ak kandidati yo pou pèmèt nouvo pwomotè ki antre nan pwoesis MOH la reyaji avèk siksè
 - ✓ MOH ap angaje yon antite ki konn prete moun pou li bay èd teknik ki amelyore epi pou li prete moun anvan devlopman yon fason pou ede pwomotè ki pa fin byen reprezante yo, kreye lojman ki abòdab

Direktif pou Developman

Sou baz kòmantè kominote a, MOH prevwa mande pwomotè yo fè sa ki vin apre a:


1. Maksimize itilizasyon teren piblik ki disponib yo pou kreye opòtinite pou achtè ki gen revni fèb oswa modere yo vin posede kay ki abòdab
2. Konsantre sou bay inite kantite moun nan fanmi an (2BR+)
3. Bay espas ouvè konplémentè nan mezi sa posib
4. Bay yon pakin ki adapte ak kontèks anplasman an epi ki gen aksè nan transpò piblik

Pri Lavant Posib:

Inite Kantite	Pri Lavant Minimòm	Pri Lavant Maksimòm
2BR	\$252,000	\$326,000
3BR	\$290,300	\$368,500


Pwochen Etap - 20 Mòso Tè

MOH te chwazi 20 mòso tè ki nan Roxbury ak Dorchester (Konsèy Distri 4) pou antre nan premye Demann pou Pwopozisyon an:



Mizajou sou Estabilizasyon Lwaye

PWOESIS:



Òganize senk (5) seyans pou tande piblik la, ansanm ak senk (5) reyinyon Komite Konsilitatif; analize done.

Sou baz sa nou te tande yo epi sou baz analiz done nou yo.

Mas 2023

Kò lejislatif Eta a ansanm ak Gouvènè a dwe apwouve petisyon pou otonomi lokal la.

PETISYON POU OTONOMI LOKAL:

- Limite ogmantasyon lwaye nan CPI + 6% chak ane, pa depase 10%.
- Egzanpte nouvo konstriksyon ak biling pwopriyetè yo abite ki gen 6 inite oswa mwens.
- Ajoute politik akonpayman yo tankou ekspilsyon pou koz lejitim, pwoteksyon anplis pou lokatè yo nan devlopman konvèsyon condo yo

Estrateji pou Lojman- Ogmanante Pwoteksyon ak Resous pou Lekatè

- *Estabilize Lwaye-* Yon politik pwojè yo ap revize aktyèlman, epi ki ap bezwen apwobasyon Eta a
- *TOPA -* Nou ap depoze Pwojè lwa sa a ankò pandan sesyon lejislatif 2023 a
- *Dwa pou jwenn Konsèy -* nou ap depoze Pwojè lwa sa a ankò pandan sesyon lejislatif 2023 a
- *Prevansyon kont Ekspilsyon-* kontinye finanse sibvansyon lwaye, resous jiridik, aktivite medyasyon



Mayor Michelle Wu